

Pawòl ko-edite yo

Anie Bras, Bernard Fusulier et Kerline Joseph

Pwomosyon fanm yo nan lasyans ak pwofesyon anndan inivèsite yo rantre nan kategori valè sosyal, ki ap favorize egalite ant fanm ak gason. Se an menm tan yon volonte pou genyen pi bon randman nan travay ki ap fèt yo apati posiblite tout moun genyen pou yo demontre talan yo. Se sa tou, ki ap pèmèt Leta ranfòse potansyèl pou genyen bon jan pwogrè syantifik ki ap ede Sosyete a devlope. Objektif nimewo espesyal sa a se fè tout moun konnen epi konprann pwosesis, ajansman, difikilte epi èd ki disponib pou pèmèt fanm yo jwenn plas nan divès domèn syantifik yo epi ki pou pèmèt yo pwogrese nan karyè akademik anndan sosyete Ayiti a.

Depi byen lontan, domèn syans moun ak syans sosyal te louvri je moun sou enpòtans kad sosyalizasyon ak rapò sosyal ki ekziste nan mitan fi ak gason nan diferansyasyon sèks epi nan klasman sosyal. Divès evolisyon nan domèn newoloji, ki te benefisye avantaj pwogrè teknolojik yo (ladan yo IRM), pwouve, sèks yon moun sou plan byolojik pa kapab etabli alavans devlopman sèvo yon moun, efè li genyen an se senpman pou kontwole repwodiksyon byolojik la, epitou sa pa genyen okenn efè sou kapasite yon moun sou plan koyitif [1]. Nou dwe retire nan lespri nou «tout pretèks ki soti nan lanati»[2] pou nou kab byen analize tout diferans, ki alabaz «siksè» fi epi gason kapab genyen nan karyè syantifik epi akademik yo kòm fenomèn sosyal epi kiltirèl, sa vle di, ki gen rasin yo nan nan kontèks istorik nan powsesis sosyolojik, nan kad jiridik anasanm ak siko-sosyal, ki konekte ak yon klasman ki baze sou sèks yon moun (yon sistèm diferansyasyon fi epi gason, epi ki responsab wòl siperyorite gason sou fi nan divès nivo makwo-mezo-mikwo).

Toupatou nan Ewòp oksidantal la, istòryen fi ak gason istòryen dakò, jounen jodi a, pou yo klase prezans fanm yo nan pwofesyon wo nivo yo sou kat peryòd tan[3]:

- Dènye ka 19^{èm} syèk la : « peryòd eksepsyon ». Fanm vin genyen posiblite pou yo pratike kèk metye ki tankou yon ekstansyon nan wòl yo jwe nan lavi kòm manman pitit epi ki sanble ak wòl manman (anseyan, doktè, avoka...).
- 1920-1960, « peryòd ouvèti ». Piti piti fanm kòmanse ap antre nan metye ki anndan fonksyon piblik(men fanm yo toujou travay kòm asistan). Piti pitit toujou, baryè yo vin tonbe yon sektè alafwa..
- Soti nan ane 1970 yo rive nan 1990 yo, « peryòd tout moun melanje ansanm ». Se peryòd kote tout pwofesyon wo nivo yo vin louvri pou fanm yo. Sepandan, anpil fwa, pa genyen anpil fanm ladan yo.
- Ane 2000 yo, « peryòd egalite »? Nou kab konstate genyen plis fanm nan divès pwofesyon wo nivo yo , menm si genyen kèk sektè ki gwoupe plis gason.

Tankou sa parèt nan etid ki fèt nan peyi yo rele peyi « devlope yo », sa vle di, peyi kote kondisyon ekonomik yo epi kondisyon enstitisyon yo kapab fasilite yon politik volontaris, egalite ant fi ak gason poko prèt pou li parèt nan monn akademik lan. Nan peyi sa yo nou kab obsève fenomèn ratman fanm lan kòmanse dimininye piti piti epi tou dousman, fanm yo ap jwenn plas yo nan karyè syantifik epi akademik yo (le *leaky pipeline* [4, 5]) ki donk, genyen yon plafon, men moun pa wè li (fenomèn plafon an vit) [6, 7, 8]. Jounen jodi a, vrè rezon diskriminasyon yo sòti mwens sou fòm yon diskriminasyon dirèk tout moun ka wè [9], epitou ki ta kondanab dapre lalwa, men sa parèt sou fòm yon *gendered organization* [10]. Gen divès kalite ajisman ki parèt nan literati a: prezans sa yo rele *old boys' clubs* la ki favorize yon zanmitay ant gason [11], yon efè Matilda [12, 13] ki anpeche moun wè kontribisyon fanm yo nan pwodiksyon syantifik yo (ki se kontrè yon efè Matthieu [14] pou gason yo) oubyen yon enjonksyon pou moun bay travay priyorite sou lavi prive yo dapre yon konpòtman gason yo genyen [15]. Konsa, moun ki ap fè travay fouyapòt la vin parèt tankou yon ewo ki ap travay pou kont li [16], ki se sèl pasyon li. Kidonk, se tankou li retire kò li nan obligasyon travay nan kay, ki se responsablite yon *carer*. Nan sans sa a, ajisman yon moun nan lavi prive li ak lavi pwofesyonèl li ta bezwen yon ankèt [17, 18, 19, 20].

Kwake tèm nou abòde nan kaye tematik sa a deja rantre nan mitan anpil rechèch sou plan entènasyonal, kaye tematik sa a orijinal, paske li ap kesyone sityasyon fanm sou tè Ayiti nan posiblite pou genyen konesans syantifik, sou prezans fanm yo ak avansman yo nan karyè akademik. Anbisyon nou nan kaye tematik sa a se poze yon dyagnostik sou tout kalite faktè ki ankouraje, oubyen okontrè, ki limite plas fanm Ayiti yo nan milye syantifik la. Apwòch yo diferan selon chan konesans tankou: filozofi, ekonomi, lajistis, listwa, lapolitik epi sosyoloji.

Kwake kontèks yo diferan, Suze Youance et Audrey Groleau demontre ouvèti pou fanm yo nan pwogram inivèsite ki konekte ak lasyans. Teknoloji, enjeniri epi matematik (STIM) nan Kebèk epi nan peyi Ayiti mache avèk menm difikilte yo. Kalite difikilte sa yo gen solisyon, paske apati sa ki te deja fèt, otè yo parèt avèk kèk solisyon ki kab ede ogmante debouche pou fanm yo epi posiblite pou yo kontinye karyè yo nan STIM.

Kettleine Charles, nan etidye prezans fanm yo nan estaf pwofesè nivo inivèsite an Ayiti ansanm ak nan espas kote Leta ap pran desizyon, fè remake, bò kote pa li, menm si dosye fanm yo fè pwogrè pandan 20 dènye yo nan mitan etidyan yo, prensipalman nan inivèsite prive Ayiti yo, estaf akademik lan epi administrasyon an toujou rete menm jan an. Se gason yo ki kontwole sa. Konsa, pa genyen okenn dout sou sa. Repatisyon travay yo dapre sèks yon moun (

fi / gason), ki vle di, gen pozisyon travay ki diferansye selon moun lan se gason oubyen fi. Sa se yon gwo faktè inegalite. Nan sans sa a, Stevens Azima, Ericca Johanna Déborah Lagrandeur et Samuel Edouard Duclosel demontre aklè, nan atik yo a, difikilte etidyan fi yo (nan sityasyon gwoès, oubyen manman pitit) nan Inivèsite Leta Ayiti a pou konekte reyalye lavi yo kòm etidyan ak responsablite yo kòm manman pitit. Mickens Mathieu ap poze tèt li kesyon sou posiblite pou kesyon ekonomik yo ta kreye diferans nan fonksyon moun yo. Daprè Rose Esther Sincimat Fleurant pou nou fè fas ak kesyon inegalite ant gason ak fi a, li obligatwa pou tout etablisman ansèyman nan peyi Ayiti adopte yon apwòch entegre pou pwoblèm egalite ant fi ak gason. Travay la gwo anpil, paske li atake fondasyon sosyete ki tabli sou dominasyon gason. Sosyete sa yo gen tandans fè fi travay nan espas prive epi gason yo ale nan espas piblik yo, tankou Lucie Carmel Paul–Austin demontre sa nan travay li a. ■

BIBLIOGRAPHIE

- 1 VIDAL, C. et BENOIT-BROWAEYS, D. (2015), *Cerveau, sexe et pouvoir*, collection «Alpha» (poche).
- 2 DELPHY, Ch. (1998). *L'ennemi principal. Économie politique du patriarcat*, Paris, Syllepse.
- 3 SCHWEITZER, S. (2009). «Du vent dans le ciel de plomb? L'accès des femmes aux professions supérieures, XIX^e-XX^e siècles», *Sociologie du travail*, vol. 51, n° 2, p. 183-198.
- 4 ALPER, J. (1993). «The pipeline is leaking women all the way along», *Science*, vol. 260, p. 409-411.
- 5 Dubois-Shaik, F., Fusulier, B. et VINCKE C. (2018). «A gendered pipeline typology in academia», in MURGIA, A. et POGGIO, B. (Eds), *Gender and precarious research careers. A comparative analysis*, London–New York, Routledge p. 178-205.
- 6 FASSA, F. et KRADOLFER, S. (dir.) (2010). *Le plafond de fer de l'université. Femmes et carrières*, Zurich, Seismo.
- 7 SHE FIGURES (2015). *European Commission, Gender in Research and Innovation*.
- 8 ROGERS, R. et MOLINIER, P. (dir.) (2016). «*Les femmes dans le monde académique. Perspectives comparatives*», Rennes, Presses universitaires de Rennes, coll. Essais.
- 9 MUSSELIN, C. et PIGEYRE, F. (2008). «Les effets des mécanismes du recrutement collégial sur la discrimination : le cas des recrutements universitaires», *Sociologie du travail*, vol. 50, p. 48-70.
- 10 ACKER, J. (1990). «Hierarchies, jobs, and bodies: A theory of gendered organizations», *Gender & Society*, vol. 4, p. 139-158.
- 11 CASE, S. S. et RICHLEY B. A. (2012). *Barriers to Women in Science: Examining the Interplay Between Individuals and Gendered Institutional Research Cultures on Women Scientists Desired Futures*, Work and Family Researchers Network Conference, New York, 14 juin.
- 12 ROSSITER, M. (1993). «The Matthew Matilda Effect in Science», *Social Studies of Science*, vol. 23, n° 2, p. 325-341.
- 13 FASSA, F., KRADOLFER, S. et PAROZ, S. (2012). *Enquête au royaume de Matilda. La relève académique à l'Université de Lausanne*. Lausanne, Genève: LIVES Working Papers, n° 11.
- 14 MERTON, R. K. (1969). «The Matthew Effect», *Science*, vol. 159, n° 3810, p. 56-63.
- 15 BEAUFAYS, S. et KRAIS, B. (2005). «Femmes dans les carrières scientifiques en Allemagne: les mécanismes cachés du pouvoir», *Travail, genre et société*, vol. 14, n° 2, p. 49-68.
- 16 BENSCHOP, Y. et BROUNS, M. (2003). «Crumbling Ivory Towers: Academic Organizing and its Gender Effects», *Gender Work and Organization*, vol. 10, n° 2, p. 194-212.
- 17 MARRY, C. et JONAS, I. (2005). «Chercheuses entre deux passions», *Travail, genre et société*, vol. 14, n° 2, p. 69-88.
- 18 CASE, S. S. et RICHLEY, B. A. (2013). «Gendered institutional research cultures in science: the post-doc transition for women scientists», *Community, Work & Family*, vol. 16, n° 3, p. 327-349.
- 19 ECKLUND, E. H. et LINCOLN, A. E. (2016). *Failing Families, Failing Science*. Work-family conflict in academia science, New York University Press, New York.
- 20 Dubois-Shaik, F. et Fusulier, B. (dir.) (2017). «Work – Life Interferences in Scientific Careers», *European Educational Research Journal* (SAGE), vol. 16, n°s 2-3.

Anie Bras, Ph.D. se yon pwofesè-chèchè nan Inivèsite Quisqueya (UniQ). Li se direktè Sant pou Rechèch ak Sipò pou Politik Ibèn (CRAPU) ak kowòdonatè pwogram fòmasyon doktora nan syans ibèn nan menm enstitisyon an. Ansanm ak CODEV nan Enstiti Politeknik Federal Laswis nan Lausanne (EPFL), li kowòdone ekip chèchè UniQ ki enplike nan pwojè Ewopeyen an nan jaden ibèn lan. Li se yon espesyalis nan anviwònman / Pwopte ibèn ak otè plizyè atik sou sijè sa a. Nan mwa jen 2012, Inivèsite Quebec nan Monreal ak Inivèsite Quisqueya te akòde li pri *Obicson Lilite* nan etid ibèn pou travay li sou jesyon dechè nan Potoprens. Anie BRAS se yon manm regilye nan Asosyasyon ayisyen «Fi nan Syans ak Teknoloji». aniebrasjoseph@gmail.com

Bernard Fusulier, Ph.D. se yon doktè nan sosyoloji. Li se direktè rechèch nan Fon Nasyonal pou Rechèch Syantifik epi li se pwofesè sosyoloji nan Inivèsite Katolik Louven (UCL). Li afilye ak gwoup entèdisiplinè Rechèch sou Sosyalizasyon, Edikasyon ak Fòmasyon (GIRSEF) ak sant rechèch entèdisiplinè sou Fanmi ak sèksyalite (CIRFASE) nan *Institute for the Analysis of Change in Contemporary and Historical Societies (IACCHOS)*. Li se yon chèchè asosye nan laboratwa entèdisiplinè pou sosyoloji ekonomik (Lise–CNAM/Paris). Nan lane 2003 yo fè li chèchè kalifye nan FNRS ak pwofesè nan Inivèsite Katolik Louven. Nan lane 2004, li te jwenn yon sibvansyon ki rele *Marie Curie European Reintegration Grant* pou li ka kontinye travay li a sou atikilasyon lavi pwofesyonèl ak lavi fanmi. Sa tou rete aks rechèch prensipal li. Enterè rechèch li yo genyen ladan yo relasyon travay/fanmi/sèks, karyè syantifik, politik sosyal, diferan pakou lavi, sosyoloji nan travay, òganizasyon ak pwofesyon ak tranzaksyon sosyal. bernard.fusulier@uclouvain.be

Kerline Joseph, Ph. D. se yon pwofesè asosye nan Enstiti Lasyans, Teknoloji ak Etid Avanse Ayiti (ISTEAH). Li se chèchè asosye nan sant Rechèch sou Imigrasyon, Etnisite ak Sitwayèn (CRIEC) Li se manm Konsèy ISTEAH ak Vis Prezidan komite jistis sosyal la ak dwa moun nan Gwoup refleksyon ak Aksyon pou yon Ayiti tou nèf (GRAHN). Li genyen yon diplòm nivo bakaloreya nan kriminoloji, yon metriz nan dwa entènasyonal ak yon doktora nan dwa, avèk plizyè piblikasyon. Li te akimile yon gwo varyete eksperyans pwofesyonèl epi li resevwa rekonesans *Centre de recherche-action relations raciales* (CRARR) pou kalite rechèch li. Enterè li nan pwoblèm sosyal ak politik, nan mitan anpil lòt, pèmèt li resevwa, nan mwa Oktòb 2010, pri Gouvènè Jeneral la nan Komemorasyon zafè «Moun», pou mete aksan sou patisipasyon li nan plan, pou pwomosyon ak pwoteksyon an nan dwa moun. Li te kowòdonatè jeneral pwojè SAGA nan ISTEAH (2017-2018), yon pwojè UNESCO te derape. jkerline@hotmail.fr